NAKA NGAY SAAMEE SA BOP CI MBUXUM AK FOROT

KAN MOOLA MENA DIMBALI CI SA TOLLU WAAYU IMMIGRASION?

Niaari mboolo wu nit rek nio mena yéedaaté ak dimbali la ci sa tolluwaayu immigrasion:

1) Laykat (awoka)

2) Ndawu buy teewal ndajjé wu diiné, nji defal yalla, mboolo yu bokkul ci nguur té wa Board of Immigration Appeals (BIA) nangul léen.

LAYKATT (AWOKA)

Meun nga am awoka bula layyal, waayé tirbinal bi dula ko jox si dara. War nga utt awoka bu am lijaassa té xam liggeeyam té meun la xamal say taneefu yoon. Am awoka bobu am na solo lool, waayé warooko am, té warga dem court (tirbinal) sa suné ak so amul sax awoka bulay teewal.

Ngir am laykatt (awoka) meun nga wooté ci 612-746-4674 wala nga jublu ca Immigration Court's List of Pro Bono Legal Service Providers (limmu tirbinalu Immigrasion buy joxé ndimbal ci mbiru yoon).

DEET CI LU JEM CI NOTEER!

War nga xam ni noteer yi, ci biir Amerik, ak gni teewlu immigrasion amuniu sagn-sagnu teewé lu jeum ci mbirru immigrasion. Nioom du niu ay awoka. Meun naniu lorraaté nji am jafé-jafé immigasion ndax niakk taxawu bu jaar yoon. Di na niula laaj xaaliss waayé duniu la taxawu mukk ca cort ba. Nioom noteer yi ay ligeey kat yunu jox ligeeyu kayitu yoon yi, nettali yi ak waat yi.

Bala ngay fayy dara ci xaalis, tannal bu bax kann moola mena taxawu ci sa nekinu immigrasion.

- Bul woolu ken kulay wax bari na niumu xam ci li jem ci departema immigrasion bu Amerik wala mulay dig.
- Moytul kep kuy ligeey ci biir Amerik té naan awoka la ci béneen deuk té ken ranié wuko ci biir Amerik.
- Laaj leen seen kayitu tirbinal wala carte buleen nguur gui bi jox wala bataaxal buy wané seen xaragn té ci ligeey bobu.

Toppal diglé yi:

- Laajal té denc bep xaatim ak contra buy wax wane ligeey bi jeum ci wallu yoon bi nga nara am.
- Bul fay xobbet xobbet ngir ligeeyu immigrasion. Suko jaré, na doon cartu bank wala sék té nga laaj kayitu fay.
- Moytul di joxé sa kayit bu njeuk (orisinal) lu melni passpor, kayitu juddu, wala lenen!
- Bul mesa siffé kayit buniu mottali wul wala bo xamul lumuy wax.
- Bul siifé benne kayyit bu am lu dul deugg wala bu am ay njuumté ci xibaar.

Lan nga wara def su fékké nax naniula?

Jokko wal ak liggeyu kaay yoon bu bokkul ci nguur gui, mboolo wu akh ak yeleefu tukki kat yi, wala bénene bumu meun ti doon bo xamni woolu naniuko ci lu jeum ci xélél ak taxawu ca baaru tirbinal.